



Pou Piblikasyon Imedya: 11/12/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO, GOUVÈNÈ ROSSELLÓ ANSANM AK DELEGASYON  
KONGRESYONÈL NEW YORK LAN MANDE GOUVÈNMAN FEDERAL LA  
POU YO APWOUVE IMEDYATMAN 94.4 MILYA DOLA POU PÒTO RIKO**

*Rapò sou Gwo Pwen Rekòmandasyon pou Retounen Konstwi Pi Bon Atou yo -  
Li Disponib [La a](#)*

***Finansman ke Yo Dezespereman Bezwen pou Kapab Reyelabore Enfrastrikti  
Enpòtan yo, Envesti nan Bon Jan Kalite ak Rezistans Lojman ak  
Batiman Piblik yo, epi Modènize Sèvis Bazik yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo, Gouvènè Ricardo Rosselló ansanm ak manm Delegasyon Kongresyonèl New York yo te mande jodi a pou gouvènman federal la apwouve imedyatman yon pake asistans federal pou 94.4 milya dola pou kapab rekonstwi yon Pòto Riko ki pi djanm, pi rezistan. Pou ajoute sou efò Eta New York yo pou ede Pòto Riko rekonstwi apre pasaj Ouragan Irma ak Maria, ofisyèl ak lidè biznis ak òganizasyon san bi likratif New York yo te fè yon evalyasyon domaj yo, epi idantifye rekòmandasyon finansman espesifik pou kapab rekonstwi yon Pòto Riko ki pi djanm, pi rezistan.

“Moun Pòto Riko se sitwayen Ameriken ki merite sipò ak konpasyon lè y’ap fè fas a dezaz, epi finansman federal sa li enperatif pou kapab asire ke zile a ap retounen konstwi pi byen ke anvan”, **Gouvènè Cuomo te deklare**. “Nou egzòte Kongrè a pou li sispann retade demann enpòtan sa, pran responsabilite yo epi apwouve imedyatman finansman enpòtan sa.”

“Ak asistans New York ansanm ak lòt patnè yo, nou sou wout rekiperasyon apre pasaj Ouragan Maria ak Irma, men toujou rete yon kantite travay monimantal pou nou fè pou kapab rekonstwi Pòto Riko”, **Gouvènè Rosselló te di**. “Nou ap mande Kongrè a pou yo rekonèt moun Pòto Riko kòm sitwayen Ameriken egal ego, epi pran mezi pou bay nou asistans ke nou dezespereman bezwen. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ansanm ak delegasyon New York lan poutèt patenarya yo nan defans nou, ak pou tout travay ke yo fè pou ede moun Pòto Riko.”

Rezilta rapò a yo te endike ke plis pase 472,000 kay lojman te detwi epi sibi enpak grav, plizyè santèn milye moun Pòto Riko te pati pou al chèche refij nanabri oswa lakay fanmi ak zanmi yo, sektè agrikòl la te prèske detwi totalman, sa gen ladan tou pèt prèske 80 pousan mwason ki te plante yo, epi prèske tout dlo ak dlo ize yo te vin

inoperab. Etandi ak pwofondè devastasyon sa prezante yon opòtinite pou ka “rekòmanse ankò” epi repanse elaborasyon konpozan majè ki nan enfrastrikti zile an yo, envesti nan kalite ak rezistans lojman ak batiman piblik yo, epi modènize jan yo bay abitan yo sèvis bazik yo.

Plan an konsantre sou twa sektè asistans:

- Pwogram Asistans Piblik (Public Assistance Program)
- Pwogram Sibvansyon Rediksyon Danje (Hazard Mitigation Grant Program)
- Sibvansyon debaz Devlopman Kominote (Community Development Block Grant)

Nan zòn sa yo, plan an idantifye enpak sektoryèl yo ak investisman espesifik epi estratejik pou kapab rekonstwi yo pi djanm epi pi byen. Rapò konplè a disponib [isit la](#).

- Lojman - 31 milya dola
- Rezo Kouran ak Rezistans - 17.8 milya dola
- Agrikilti - 2 milya dola
- Sèvis Sosyal yo - 288 milyon dola
- Devlopman Ekonomik - 3.2 milya dola
- Enfrastrikti Kominikasyon yo - 1.5 milya dola
- Wout ak Pon yo - 4.5 milya dola
- Pò ak Ayewopò yo - 1.4 milya dola
- Revitalizasyon Batiman Piblik - 153 milyon dola
- Dlo ak Etablisman Kontwòl Dlo yo - 1.3 milya dola
- Drenaj Bouch Egou Sanitè ak Tanpèt - 1.4 milya dola
- Edikasyon ak Lekòl yo - 8.4 milya dola
- Anviwònman ak Resous Natirèl yo - 1.6 milya dola

Ansanm ak 487 milyon dola pou sekirite piblik ak premye sekouris, ak 9 milya dola pou jesyon rekiperyasyon alontèm, kantite finansman total ki nesèsè a se 94.4 milya dola.

**Manm Kongrè Louise Slaughter te deklare,** “Pòto Riko fè pati peyi nou an epi li se kay plis pase twa milyon sitwayen Ameriken. Majistra San Juan lan te gen yon demann senp depi nan kòmansman devastasyonan: ‘Pa bliye nou epi pa kite nou poukont nou.’ Nou gen yon obligasyon pou nou ede sitwayen nou yo pandan sa ki pral yon peryòd rekonstwiksyon ki pi long ke jan ke yo te planifye.”

**Manm Kongrè Eliot Engel te deklare,** “Pandan plizyè mwa, nou nan Delegasyon Kongresyonèl New York lan nou te mande kòlèg nou yo ki nan Washington pou yo ede nou fè plis pou Pòto Riko. Devastasyon ke konpayon sitwayen nou yo te endire lòtbò a li te katastwofik, epi asistans adisyonèl yo non sèlman nesèsè, men tou enpòtan pou ke zile a kapab rekipere totalman. Mwen fyè pou mwen rejwenn Gouvènè Cuomo, Gouvènè Rosselló, ansanm ak kòlèg Kongresyonèl mwen yo jodi a nan leve kanpe pou Pòto Riko, epi egzòte lidèchip Kongresyonèl la adopte pake sistans sa imedyatman”.

**Manm Kongrè Nita M. Lowey te deklare,** “Moun New York yo —ki byen sonje destwiksyon Gwo Tanpèt Sandy—konnen jan li ka difisil pou rekipere de yon katastwòf, epi ke antan ke Ameriken nou gen yon responsabilite pou ede sila yo ki nan nesèsite. Antan ke Demokrat siperyè nan Komite Apwopriasyon Asanble a (House

Appropriations Committee), mwen te vwayaje nan Pòto Riko apre Ouragan Maria pou wè domaj yo ak de zye mwen, epi mwen ap ede negosye epi ekri asistans dezans pou zile a. Plizyè milye moun Pòto Riko toujou san kouran ak aksè a dlo potab ki pwòp, epi repons Administrasyon an li ensifizan. Demann finansman siplemantè Prezidan Trump lan, ki baze sou konsiderasyon ke kondisyon nan Pòto Riko yo te tèlman mal ke yo pral gen pou tann pou resevwa resous rekiperasyon yo jiska ane pwochèn lè evalyasyon domaj yo fin konplete, li eskandale epi neglijan. Moun Pòto Riko se sitwayen Ameriken. Nou dwe asire ke moun Pòto Riko yo non sèlman gen aksè a manje,abri, ak elektrisite, men ke nou ap ede yo rekonstwi kominote yo pou ke yo ka retounen nan lavi nòmal yo”.

**Manm Kongrè José E. Serrano te deklare,** “Nou bezwen finansman global pou kapab ede Pòto Riko rekiperere totalman de devastasyon Ouragan Maria. Antan ke yonn nan kèk Manm Kongrè ki te fèt sou zile a, mwen fyè pou mwen rejwenn kòlèg New York mwen yo nan travay pou asire ke zile a kapab rekonstwi epi pwospere apati jodi a - epi mete Administrasyon an responsab pou tout sitwayen Ameriken yo, san kenbe an kont kote y’ap viv yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li ede dirije efò sa yo, paske New York gen yon wòl vital pou li jwe nan pwosesis sa antan ke kote ke anpil moun Pòto Riko te fè vin lakay yo ak ane k’ap pase yo”.

**Carolyn B. Maloney, ki se Manm Kongrè, te deklare,** “Asistans ijan sa li vital epi yo te dwe fè li depi lontan pou rekiperasyon Pòto Riko. Sa ta dwe yon wont dèske Ameriken sa yo pa resevwa nivo asistans ke yo bezwen pou kapab rekonstwi kominote yo nan men gouvènman federal la. Twòp moun Pòto Riko toujou san elektrisite ak mank aksè a manje ak dlo potab. Ameriken yo te toujou met tèt ansanm pou ede yonn lòt nan yon moman kriz, epi sa pa ta dwe diferan. Nou dwe angaje nan sipòte yon rekiperasyon total pou vwazen nou yo”.

**Manm Kongrè Nydia M. Velázquez te deklare,** “Moun Pòto Riko se sitwayen Ameriken epi nou pa ka repoze jiskaske zile a rekanpe. Gouvènè Cuomo te montre gwo lidèchip nan ede rasanble alafwa resous piblik ak prive New York yo pou ede nan rekiperasyon an. Kounye a, nou bezwen pou yo pote tout fòs gouvènman federal la lè yo apwouve yon pake soulajman ak rekiperasyon global ki pral rekonstwi Pòto Riko pou li ka sipòte dezans fiti yo”.

**Manm Kongrè Gregory W. Meeks te di,** “Aprè esè dezastre administrasyon sa nan efò rekiperasyon pou ouragan yo pou sitwayen konpayon nou yo ki nan Pòto Riko, se moman pou nou finalman ranmase mòso yo epi rekonstwi yon zile ki pi djanm, ki pi bon pou tout moun Pòto Riko. Rapò resan ke ofisyèl New York yo te fè te klere yon limyè sou sa ke anpil moun Pòto Riko ak fanmi yo konnen deja: Domaj Maria yo entans. Gouvènè Cuomo, kòlèg kongresyonèl New York mwen yo, ansanm avèk mwen nou mande gouvènman federal la pou yo finanse epi apwofondi plan rekonstwiksyon pou Pòto Riko a. Se moman pou konpayon Ameriken nou yo finalman resevwa sipò ke yo merite nan men gouvènman yo”.

**Manm Kongrè Joe Crowley te di,** “Konpayon Ameriken nou yo ki nan Pòto Riko yo kontinye ap soufri akòz devastasyon ki te koze pa Ouragan Maria. Pandan ke nou te fè pwogrè, rapò resan yo te montre li klè ke gouvènman federal la ansanm ak Kongrè a dwe fè pi plis ankò pou kapab asire ke tout moun ki ap viv la yo gen resous ak asistans ki nesèsè pou kapab rekonstwi lakay yo, ekonomi yo, ak kominote yo”.

**Manm Kongrè Brian Higgins te deklare,** “Wout pou rekiperasyon an pral long pou Ameriken ki nan Pòto Riko yo, epi sipò enpòtan sa li nesese pou kapab ede kominote yo retounen kanpe sou de pye yo”.

**Manm Kongrè Paul Tonko te deklare,** “Plis pase twa mwa te pase depi apre ke Ouragan Maria ak Irma te frape Pòto Riko, epi anpil nan sitwayen konpayon nou yo ki la a yo toujou pa gen aksè a dlo potab ki bon, elektrisite oswa sekirite alimantè. Mwen fyè de pakèt moun New York ki te ale bay sèvis epi sipòte efò rekonstwiksyon an, ki enkli plis pase 1,000 manm ki nan Gad Nasyonal New York lan ak anpil nan travayè swen sante, sèvis piblik ak òganizasyon san bi likratif yo ki nan rejyon nou an. Fokis nou dwe sipòte yo ak anpil lòt moun ki sou tèren an ki ap travay pou kapab rekonstwi Pòto Riko pou fiti. Kongrè a ak Prezidan an yo ta dwe swiv egzanp New York lan epi bay sipò ke sitwayen konpayon nou yo ki nan Pòto Riko bezwen epi merite”.

**Manm Kongrè Sean Patrick Maloney te deklare,** “Nou menm moun New York ki te siviv pandan Sandy ak Irene - nou konnen jan li enpòtan pou Ameriken yo aji kòm yon fanmi - lè yon moun nan fanmi ou soufri de yon trajedi, ou al bay asistans. Nou te mete yon ti kòb pou kapab ede sou wout lan, men nou pa ka lache - nou bezwen bay plis asistans pou kapab ede Ameriken konpayon nou yo ki nan Pòto Riko retounen kanpe sou de pye yo”.

**Manm Kongrè Grace Meng te deklare,** “Prèske twa mwa apre ke Ouragan Maria te fè ravaj nan Pòto Riko, zile a kontinye gen difikilte nan efò pou rekipere epi rekonstwi yo. Depi lè ke tanpèt la te frape a, mwen te mande pou yo mete disponib resous adisyonèl pou Pòto Riko, epi antan ke yon manm nan Komite Apwopriasyon Asanble a, mwen pral kontinye batay la jiskaske tout abitan Pòto Riko yo resevwa asistans ke yo bezwen epi merite. Nou pa kapab bliye oswa inyore neseseite konpayon Ameriken nou yo”.

**Manm Kongrè Adriano Espaillat te deklare,** “Pòto Riko pral rekonstwi epi moun New York yo pral kontinye la nan chak pa sou wout lan. Anons jodi a ranfòse angajman nou nan sipòte Pòto Riko pandan ke l’ap rekonstwi enfrastrikti enpòtan, lojman ak batiman piblik ki nesese yo pou retounen ap vanse. Mwen fyè pou mwen kanpe ansanm ak Gouvènè Cuomo ak Rosselló, ofisyèl gouvènman konpayon nou yo, ansanm ak frè ak sè nou yo ki nan Pòto Riko pou ede repare epi rekonstwi pandan moman kritik sa”.

### **Estabilize Neseseite Swen Sante Ijan yo**

Nan objektif pou kapab estabilize neseseite swen sante ijan yo, Kongrè a ta dwe pran mezi sa yo:

- 100 Pousan Peman Kontrepati Federal yo: Ogmante nivo kontrepati federal 55 pousan legal la pou pwogram Medicaid Pòto Riko a rive 100 pousan pandan 24 mwa.
- Kenbe Nivo Finansman Aktyèl yo: Apre kontrepati 100 pousan 24 mwa a, Kongrè a dwe kontinye ak nivo finansman yo pou pwogram Medicaid Pòto Riko, ki konsistans ak nivo demann Bidjè Ane Fiskal 2018 federal lan ki prèske 1.6 milya dola pandan omwen twa ane.

- Elimine egzijans peman angloban yo pou sant sante ki kalifye sou plan federal yo, ki aktyèlman koute Pòto Riko 120 milyon dola pa ane.

## **Lwa PROMESA**

Kongrè a ap fè deba sou elajisman pouvwa komite sipèvizyon finansye an ki te kreye pa Lwa PROMESA a (Puerto Rico Oversight, Management, and Economic Stability Act, PROMESA Act). Elaji otorite Komite a ta pral non sèlman mennen a disfonksyonman gouvènman an, men tou li ta pral ralanti efò rekiperasyon yo, epi li ta pral retire vwa pèp Pòto Riko, epi bay li a yon kò ki pa eli. Gouvènman Pòto Riko a dwe dirije rekiperasyon yo antan ke reprezantan ki eli pa elektè Pòto Riko yo.

## **Biwo Rekonstwiksyon ak Rekiperasyon Santral nan Pòto Riko**

Pou kapab dirije efò rekiperasyon yo sou tèren an, Gouvènè Rosselló te fè sòti yon Dekrè Egzekitif (Executive Order) pou kapab kreye Biwo Rekonstwiksyon ak Rekiperasyon Santral lan (Central Recovery and Reconstruction Office, CRRO) kòm yon divizyon nan Otorite P3. CRRO pral dirije plan estratejik akoutèm, a mwayen tèm ak alontèm pou rekiperasyon yo, devlope yon plan alokasyon resous yo, epi kowòdone devlopman plan lokal ak rejyonal yo. CRRO pral enpòtan anpil nan egzekite priyorite rekiperasyon yo jan sa mansyone nan Rapò Evalyasyon Retounen Konstwi Pi Byen an (Building Back Better Assessment Report).

An plis, New York ap kontinye ede Pòto Riko defini anvègi reyèl domaj akoutèm ak alontèm yo sou tèren an pou garanti finansman federal ki enpòtan anpil yo ak yon rapò detaye sou rezo kouran zile a. Gwoup Travay sou Rezistans Enèjetik Pòto Riko a (Puerto Rico Energy Resiliency Working Group) li te konplete evalyasyon li an epi li te devlope yon plan ki dirab epi ki a pri abòdab pou rekonstwiksyon rezo kouran Pòto Riko a. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou efò sekou ak retablisman ki ankou deja nan Pòto Riko yo, epi pou w jwenn enfòmasyon sou kijan ou ka ede, tanpri vizite [pajwèb](#) Efò Sekou ak Retablisman Empire State Gouvènè a te mete sou pye a pou ede Pòto Riko ak Zile Vyèj Ameriken yo.

###